



Chè paran oswa responsab:

Pitit ou a ap resevwa sèvis sante ak/oswa akomodasyon medikal nan lekòl ak pwogram/aktivite DOE dapre Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la. Sèvis sa yo ede yon elèv ki gen bezwen sante pou patisipe nan lekòl sou yon baz egal tankou kamarad li ki pa gen andikap. Pa egzanp: yo ka bay elèv ki gen yon pwoblèm medikal medikaman nan lekòl la dapre enstriksyon founisè swen sante li, oswa elèv ki gen pwoblèm pou wè oswa tande ka chita tou pre tablo a.

Biwo Sante Lekòl revize demand akomodasyon medikal chak ane lekòl pou konfime si pitit ou a bezwen sèvis ak/oswa akomodasyon medikal nan lekòl, epi pou mete lekòl la okouran nenpòt chanjman ki fèt pou asire yo satisfè bezwen pitit ou a.

Pou prepare pou ane lekòl kap vini an, tanpri:

- Mande founisè swen sante pitit ou a pou l ranpli [Fòm pou bay medikaman dyabèt, Fòm pou bay medikaman, ak/oswa Fòm tretman medikal yo preskri](#) (kole yon tifoto resan nan kwen agoch anlè a).
  - Aprè founisè swen sante pitit ou a fin revize fòm yo, siyen paj ki nan do fòm yo epi mete enfòmasyon ou pou yo kontakte w.
- Voye Fòm pou bay medikaman dyabèt ou fin ranpli a, oswa Fòm pou bay medikaman, ak/oswa Fòm pou tretman medikal yo preskri bay enfimyè lekòl la **1ye jen 2023, oswa pi vit posib**, pou asire pitit ou a resevwa sèvis li otorize pou resevwa nan kòmansman ane lekòl 2023-2024 la.
- Pou mande yon nouvo akomodasyon oswa akomodasyon modifiye: voye [Fòm pou mande akomodasyon medikal](#) (founisè swen sante pitit ou a ranpli a) bay Kowòdonatè 504 lekòl ou a, ansanm avèk [Fòm pou Paran mande sèvis Sante/Akomodasyon Seksyon 504 la](#).

Men kòman ou ka voye fòm medikal ale apre fen ane lekòl la:

Fòm pou bay medikaman pou dyabèt:

**Pa imèl** nan:  
OshDMAF@health.nyc.gov  
Oswa

**Poste l pou:**  
Attn: DMAF Coordinator New York  
City DOHMH Office of School Health  
42-09 28<sup>th</sup> Street, CN-25  
Queens, New York 11101-4714

Oswa  
**Fakse l nan:**  
347-396-8945 (Bronx & Manhattan)  
347-396-8933 (Brooklyn & Staten Island)  
347-396-8932 (Queens)

Tout lòt fòm pou bay medikaman ak fòm pou tretman medikal yo preskri:

**Voye yo pa imèl** bay borough kote pitit ou a prale lekòl la:  
BronxMAF@health.nyc.gov  
BrooklynMAF@health.nyc.gov  
ManhattanMAF@health.nyc.gov  
QueensMAF@health.nyc.gov  
StatenIslandMAF@health.nyc.gov

Oswa  
**Poste l pou:**  
Attn: Director of Nursing  
New York City DOHMH  
Office of School Health  
42-09 28<sup>th</sup> Street, CN-25  
Queens, New York 11101-4714